

Pare jan **Kwa-Wouj** mande a

Lis kontwòl pou sekirite pandan inondasyon

Inondasyon se youn pami dezaz natirèl ki rive pi souvan e ki koute plis lajan. Kondisyon yo ki pwovoke inondasyon gen ladann gwo lapli oswa lapli ki dire lontan pandan èdtan oswa plizyè jou ki satire latè a. Fenomèn dlo monte rapid (inondasyon eklè) rive sitèlman rapidman akòz dlo ap monte rapidman akote yon rivyè oswa nan yon zòn ki trè ba.

Aprann diferans ki genyen yo

Siveyans inondasyon/Siveyans inondasyon eklè (Flood/Flash FloodWatch)—Inondasyon oswa inondasyon eklè gen dwa rive nan zòn ou.

Avètisman inondasyon/Avètisman inondasyon eklè (Flood/Flash FloodWatch)—Inondasyon oswa inondasyon eklè deja kòmanse oswa l ap kòmanse byento nan zòn ou.

Kisa mwen ta dwe fè ?



- Koute estasyon radyo ak televizyon pou zòn ou ansnam ak Radyo Lameteyo NOAA pou kapab tande avètisman inondasyon ki gen dwa rive ak rapò konsènan inondasyon ki deja kòmanse oubyen lòt enfòmasyon enpòtan ki sòti nan Sèvis nasyonal lameteyo (NWS).
- Pare kò w pou evakye touswit depi yo rekòmande l.
- Lè yo emèt yon avètisman inondasyon oswa inondasyon eklè pou zòn ou, ale nan yon andwa ki wo e rete la a.
- Pa pwoche dlo inondasyon. Si w rive devan yon kouran dlo kote dlo a depase cheviy ou, vire tounen pou fè wout ou e pase yon lòt kote. Sis (6) pous dlo k ap deplase rapidman gen dwa fè w tonbe atè.
- Si w rive devan yon wout ki anba dlo pandan w ap kondwi machin ou, tounen volan an e pase yon lòt kote. Si w kole sou yon wout ki anba dlo e dlo a ap monte rapidman toutotou w, sòti nan machin la rapidman e ale kote ki wo. Dlo k ap koule gen pi ba pase 2 pye (60 santimèt) gen dwa brote pifò machin to.
- Kenbe timoun yo andeyò dlo a. Yo kirye e souvan yo pa gen bon jijman osijè sa pou fè ak yon dlo k ap koule oswa dlo ki kontamine.
- Fè atansyon espesyalman lannwit lè li vin pi difisil pou detekte danje ki gen pou wè ak inondasyon.
- Poutèt asirans estandan pwopriyetè kay yo pa kouvri inondasyon, li enpòtan pou gen pwoteksyon kont inondasyon ki asosye avèk siklòn, loraj twopikal, gwo lapli ansanm ak lòt kondisyon ki afekte peyi Etazini. Si w bezwen plis enfòmasyon osijè asirans kont inondasyon, tanpri vizite Sit Wèb Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon nan www.fema.gov/business/nfip.

Ki founiti mwen ta bezwen ?



- Dlo—yon rezèv pou omwen 3 jou; yon galon pa moun pa jou
- Manje—yon rezèv pou omwen 3 jou manje ki pa gate fasil, e ki fasil pou pare
- Yon flach
- Yon radyo avèk pil oswa avèk yon manivèl (Radyo Lameteyo NOAA, si posib)
- Rezèv pil
- Twous premye swen
- Medikaman (rezèv pou 7 jou) ak atik medikal (aparèy pou tande byen avèk yon rezèv pil, linèt, lantiy kontak, sereng, baton pou mache)
- Outil miltifonksyonèl
- Atik sanitè ak atik pou ijyèn pèsònèl
- Kopi dokiman pèsònèl (lis medikaman ak lòt enfòmasyon medikal tit pwopriyete/kontra lokasyon kay ou, paspò, batistè kontra asirans)
- Selilè avèk chajè yo
- Nimewo kote pou kontakte fanmi w ak pèsònèl ijans
- Lajan kach
- Dra kouvèti pou ijans
- Plan zòn la
- Atik pou tibebe (bibwon, melanj pou tibebe, manje pou tibebe, kouchèt)
- Atik pou bèt (kolye, lès, idantite, manje, bwat pou pote yo, bòl)
- Zouti/founiti pou ranfòse kay ou
- Yon lòt seri kle pou louvri machin ou e pou louvri pòt lakay ou
- Rad, chapo ak soulye ki solid
- Rad pou lapli
- Prodwi anti-moustik ak ekran solè
- Kamera pou pran foto domaj yo

Kisa pou m fè apre yon inondasyon ?



- Tounen lakay ou sèlman lè aanplwaye leta deklare pa gen danje nan zòn la.
- Anvan ou antre lakay ou, gade deyò pou wè si gen kab elektrik ki lage, kanalizasyon gaz ki domaje, twou nan fondasyon oswa oswa lòt kalite domaj.
- Sèten pati nan kay ou petèt te tonbe oswa yo domaje. Fè atansyon lè w ap pwoche antre yo. Gade si twa teras devan an ak pati ki depase twa a toujou gen sipò yo.
- Fè atansyon pou wè si gen bèt sovaj, espesyalman sèpan venime (ki gen pwazon) ki petèt te antre nan kay ou avèk dlo inondasyon an.
- Si w pran yon sant gaz natirèl oswa gaz pwopann oubyen ou tande yon bri tankou yon siflèt, kite kay la touswit e rele depatman ponpye yo.
- Si kab elektrik la te tonbe andeyò lakay ou, pa mache nan flak dlo ni pa kanpe nan okenn dlo.
- Kenbe timoun ak bèt yo lwen andwa ki danjre yo ak lwen dlo inondasyon an.
- Materyo tankou prodwi netwayaj, penti, pil, fyoul kontamine ak kontenè fyoul ki domaje se danje yo ye. Tcheke otorite lokal yo pou jwenn asistans pou jete yo pou evite risk yo.
- Pandan netwayaj la, mete rad k ap pwoteje w, ikonpri gan kawoutchou ak bòt kawoutchou.
- Asire w manje ak dlo w pa gen danje. Jete tout bagay ki te antre an kontak ak dlo inondasyon, ikonpri machandiz nan bwat, boutèy dlo, kouto-fouchèt plastik ak tetin pou bibwon tibebe. Depi ou gen yon dout, jete jete l !
- Pa sèvi ak dlo ki ta ka kontamine pou lave asyèt, pou bwose dan ou, pou pare manje, lave men ou, fè glas oubyen pou pare melanj pou tibebe.
- Kontakte depatman sante piblik lokal oswa pou tout Eta a pou kapab jwenn rekòmandasyon espesifik konsènan kijan pou bouyi oswa pou trete dlo nan zòn ou apre yon dezaz, poutèt dlo a gen dwa kontamine.

Kite fanmi w konnen ou pa an danje

Si kominote w te sibi yon inondasyon, enskri tèt ou nan Sit Wèb Kwa-Wouj Ameriken An sekirite e an fòm ki disponib grasa RedCross.org/SafeandWell pou kite fanmi w ak fanmi w konnen kijan ou ye. Si w pa gen aksè nan Entènèt, rele **1-866-GET-INFO** pou kapab enskri tèt ou ansanm ak fanmi w.